

PWOJÈ ISLAND END RIVER SOU PWOTEKSYON KONT INONDASYON (ISLAND END RIVER FLOOD RESILIENCE PROJECT - IER)

KOPI PWOVIZWA RAPÒ SOU KONSEKANS NAN ANVIWONNMAN (DEIR)

DESKRIPSYON PWOJÈ A

Sou non Vil Chelsea ak Everett (n ap kontinye rele "Pwomotè" yo), nou soumèt Rapò Pwovizwa sou Konsekans nan Anviwonman sa a (Draft Environmental Impact Report, oswa "DEIR") bay Biwo Egzekitif pou Zafè Ennèji ak Anviwonman an (Executive Office of Energy and Environmental Affairs, oswa "EEA") pou Pwojè Pwoteksyon kont Inondasyon (nou Pral rele "Pwojè" a) Island End River ("IER") la. Pwomotè yo pwopoze pou yo bati yon baryè kont inondasyon ki mezire anviwon 4,460 pye lineyè ("lf"), ak yon enstalasyon anba tè pou kontwole inondasyon ("SSCF") ki mezire anviwon 3,000 pye kare, ak anviwon 18,000 pye kare apwòch dapre eleman natirèl ("NbA") arebò rivyè a, ak amelyorasyon pou marekaj nan zòn lan ak pou wout piblik ki mennen la yo, sou kote IER nan Vil Chelsea ak Everett yo (nou pral kontinye rele "Anplasan Pwojè" a) pou pwoteje plis pase 5,000 rezidan. Anplasan Pwojè a, ki mezire anviwon 5.2 kawo tè, kounye a se yon konbinezon aktivite komèsyal ak endistriyèl, ak wout ki sèvi yo, ak enfrastrikti pou sèvis itilite. Kounye a, rebò rivyè yo nan yon move eta poutèt domaj endistriyèl, epi sa ki estabilize yo se travay yo fè pou konsolide pant yo, ep genyen anpil fatra sou yo.

Pwojè a genyen ladan eleman pwoteksyon kritik kont inondasyon sa yo:

Dispozisyon pou Pwoteksyon sou Bò Lès ("RPE", ki vle di "Resilience Provisions East") – Eleman sa a nan pwojè a, se yon baryè kont inondasyon ki soti nan siklòn, sou bò Chelsea nan IER la. Epi tou, pwojè a pral genyen fasilite piblik tankou yon pwomnad solid sou kote rivyè a; y ap bati li tankou yon waf elve ak rebò ki gen plant pou pèmèt piblik la rive bò dlo a pi fasil. Island End Park se yon melanj espas vèt sovaj ak kiltive, ki pèmèt kominote a jwenn yon aksè limite nan bò dlo a. Yo pral rafrech pak la kòm yon pati nan Pwojè a, pou pèmèt kominote a jwenn plis amizman nan espas la, ak pou ranfòse rezistans pak la kont nivo dlo k ap monte. Eleman sa a pwoteje non sèlman enfrastrikti kritik nan rejyon Chelsea a, men li pral pwoteje tou plizyè kay nan katye ki nan zòn Jistis Anviwonmantal la ("EJ" ki vle di "Environmental Justice").

Enstalasyon pou Kontwole Dlo Siklòn ("SSCF", ki vle di "Storm Surge Control Facility") – Yo pral bati estrikti sa a nan sòti egou Market Street ki la kounye a nan IER la, pou anpeche inondasyon fè dega lè gen siklòn sou kòt yo. Zòn ki resevwa dlo nan kote sa a mezire anviwon 420 kawo tè, epi yo konsidere popilasyon nan zòn sa a kòm EJ, oubyen moun ki manke sèvis. Nòmalman, yo pral kite baryè kontwòl la ouvri, pou pèmèt egou ak seksyon drenaj yo resevwa dlo, lè nivo a monte. Epi tou, pral gen yon dispozitif pou kontwòl ki

pral enstale nan sistèm ekoulman Beacham Street la, pou anpeche dlo retounen nan sistèm ekoulman dlo inondasyon ki la kounye a.

Dispozisyon pou Pwoteksyon sou Bò Wès ("RPW", ki vle di "Resilience Provisions West") – Pwojè sa a, se yon baryè kont dlo siklòn ki pral enstale sou bò Everett nan IER la, ki nan yon Zòn Rezève nan Pò a ("DPA", ki vle di "Designated Port Area"); li gen fòm yon miray siman vètikal ki kanpe poukont li, ak baryè kont inondasyon ki pwoteje biznis k ap travay nan pò a kont inondasyon sou kòt la. Eleman sa a pa sèlman pwoteje sistèm endistriyèl ki sèvi avèk dlo ("WDIU") nan DPA a, men tou li pwoteje enfrastrikti enpòtan yo, tankou koridò transpò prensipal yo, ak kay kote plis pase 5,000 moun rete ki genyen moun yo konsidere kòm EJ, oubyen ki manke sèvis.

Apwòch dapre Eleman Natirèl ("NbA") – Yo pral ranplase pant ki an move eta sou bò dlo a, nan kèk pòsyon Anplasan Pwojè a, avèk eleman natirèl (NbA} tankou diferan kalite galèt sou plaj la ki soutni avèk ekòs kokoye epi avèk semans entegre ak plant ki sou rivaj yo. Pati sa a nan Pwojè a pral pèmèt ranfòse pant yo, pou anpeche plis ewozyon, an menm tan l ap nourri plaj kostal la arebò dlo IER la. Modèl sa a adaptab, kidonk li pral pèmèt vejetasyon an deplase pou ale pi lwen anndan teren yo an mezi nivo dlo a ap monte. Nan pami zòn yo pwopoze pou tretman NbA yo, genyen rivaj IER ki sou de bò SSSCF la, avèk toupre litoral Island End Park la.

Ranfòsman Marè yo – Pwojè a pral amelyore sante zòn marè salan ki rete nan IER arebò Chelsea yo, paske l ap retire Fragmit envazif yo (*Phragmites australis*), lè yo replante ak konsève espès lokal yo, ak retire gwo kantite fatra ak debri ki nan zòn resous sa a. Epi tou, yo pral travay sou pwoblèm ewozyon ak vejetasyon ki manke epesè nan zòn resous ki sou kòt la tou pre IER la, avèk bon jan pwogram pou mete plant lokal ki solid, ansanm ak travay estabilizasyon pant yo.

Revitalization Pak IER – Yo pral revitalize Island End River Park pou fè li yon espas ki adapte avèk chanjman nan klima a, avèk yon palèt vejetasyon kostal ki baze sou apwòch avèk eleman natirèl pou ranfòse rezistans litoral la. Modèl sa a konfòm avèk reyaksyon kominote a, ki te montre li vle espas kontanporen avèk chimen pou rekreyasyon aktif tankou mache ak kouri, ansanm ak anpil espas pou moun chita ak admire dlo a. Nouvo modèl pak la transfòme itilizasyon pasif espas la pou plis pase 2070 mare montan, paske li eliminen kote ki ba yo, ansanm ak patfòm an bwa ki ta vilnerab estriktirèlman lè mare a monte, epi li pèmèt jwenn espas dirab pou chita ki kapab reziste si gen inondasyon. Yon palèt pye bwa ki bay lonbraj pral ede konbat efè chalè lavil lokal la.

Pwojè a kritik pou pwoteksyon plenn inondab nan distrik IER yo, ak pou sifas ki ba nan Chelsea ak Everett yo; kote sa yo gen katye moun ki manke sèvis pou Jistis Anviwonmantal (EJ), epi ki manke amennajman reyonnal enpòtan pou yo jwenn manje; sa pral pèmèt kreye plis pase 11,000 travay, ak bon enfrastrikti transpò (ray tren ak wout), ak sant pou swen sante, ak magazen manje ki sèvi pifò nan kominote a, ak yon lekòl segondè piblik. Kòm distrik sa a genyen ladan enfrastrikti reyonnal ki vital, yo fè tout sa ki te posib pou pwoteje

wout ki menntan nan pwopriyete bò lanmè yo, pou pèmèt operatè piblik ak sèvis sekirite rive nan kote sa yo. Yo prevwa pou tout fasilite sa yo rive nan plenn inondasyon 100 lane a anvan 2070 pase. Pwojè a chwazi, pou plis evalyasyon dapre pwogram sibvansyon 2022 Federal Emergency Management Agency ("FEMA") Building Resilience Infrastructure and Communities ("BRIC") la, pou sipòte finansman pou konstrikson k ap kòmanse nan fen lane 2025 la, epi fini nan fen lane 2028 la.

Epitou, Pwojè a pral ranfòse zòn ki gen resous natirèl yo, ak amelyore aksè piblik nan IER la, ak pote gwo amelyorasyon nan Island End Park la. Kolaborasyon rejyonnal ant minisipalite basen Mystic River la, ak òganizasyon ki travay san fè benefis yo, ak lòt patnè ankò, sèvi anpil nan devlopman inisyativ sa a pou pwoteksyon kont inondasyon, paske li resevwa anpil patisipasyon nan moun ki enterese yo ak nan kominote a.

KONDISYON KI LA KOUNYE A

IER la depann sou Mystic River, epi wotè mare a gen yon enfliyans sou li. IER la genyen Everett sou rebò wès li, ak Chelsea sou rebò lès li. Li gen yon Kannal Navigasyon Federal ki mezire sis pye pwofondè, ak 2,500 pye longè, depi Mystic River, pou rive nan Admirals Hill Marina nan Chelsea. Kannal la gen 75 pye lajè nan bout ki pi wo a, ak 100 pye lajè nan bout ki pi ba a. Zòn ozalantou a devlope anpil avèk yon gwo kantite sifas kote moun pa ka antre, ak enfrastrikti ki twò piti pou dlo inondasyon. Se nan zòn sa a ou jwenn enfrastrikti ki enpòtan anpil, tankou New England Produce Center, katye jeneral rejyonnal pou FBI la, Massachusetts General Hospital ("MGH"), Estasyon Ponp Carter Street nan Vil Chelsea, Williams Middle School, ak Chelsea High School. Anplisman Pwojè a gen amennajman depi sèvis endistriyèl tankou estokaj glase ak distribisyon gaz natirèl, pou rive nan enstalasyon pou rekreyasyon tankou Island End Park. Gade Figi 1, Kat sou Zòn Pwojè a (Project Locus Map).

AVANTAJ POU PIBLIK LA AK POU KOMINOTE A

Pwojè a genyen ladan anpil avantaj piblik ak kominotè, ki nan pami sa yo, san se pa sa sèlman:

- Reyalize amelyorasyon zòn kostal yo kont inondasyon, pou pwoteje anviwon 11,000 travay, koridò pou transpò ki enpòtan anpil, eleman kle tankou MGH Chelsea HealthCare Center, Williams Middle School, Chelsea High School, Excel Academy, ansanm ak yon katye jeneral rejyonnal FBI, ak kay ki genyen ladan yo kominote EJ nan vil Everett ak Chelsea;
- Amelyorasyon rivaj IER la avèk estabilizasyon bò rivyè ki ewode yo, ak NbA ki sanble pant tidal natirèl pou bò rivyè ak pyebwa;
- Amelyorasyon marè salan ki la kounye a, pou pi bon fonksyonman kòm abita ak pou konsyantizasyon sou resous natirèl yo;

- Rediksyon sifas enpèmeyab yo nan anplasman Pwojè a pou ranfòse rechaj dlo souteren yo, ak redwi kantite dlo lapli k ap koule;
- Investisman nan Island End Park jan li ye kounye a, tankou nouvo chimen pyeton pou fè konneksyon, afich nan plizyè lang, nouvo ban, estasyonman pou bisiklèt, ak lòt founiti pou anplasman an, plant dekoratif lokal ak pyebwa pou ranfòse abita a, ak pou korije efè chalè lavil, ak lòt akomodasyon ankò;
- Kreyasyon opòtinite pou administrasyon kominotè pou Island End Park, ak pou resous ki tou pre nan zòn lan;
- Kreyasyon ant 670 ak 1,000 travay nan konstriksyon pandan 36 mwa aktivite yo prevwa pou bati Pwojè a;
- Etablisman yon Gwoup Konseye Kominotè (Community Advisory Group), k ap gen ladan yon demi douzèn moun k ap sèvi kominote a, pou bay evalyasyon sou avantaj piblik Pwojè a; epi
- Fòmasyon Gwoup Travay Moun Enterese yo (Stakeholder Working Group), k ap gen ladan plis pase 20 reprezantan ki soti nan sektè prive biznis endistriyèl la, nan Chelsea ak Everett, pou fè konnen analiz yo sou Pwojè a.

ENFÒMASYON POU FÈ KONTAK

City of Chelsea
Dept. of Housing & Community Development
500 Broadway
Chelsea, MA 02150

City of Everett
DPW - Engineering
484 Broadway
Everett, MA 02149

Kontakte:


Emily Granoff
egrano@chelseama.gov
(617) 466-4193

Patrick Johnston
patrick.johnston@ci.everett.ma.us
(617) 905-3747

Ànèks:

Figi 1 - Kat sou Zòn Pwojè a

Figi 2 - Reprezantasyon Pwojè pou Reziste kont Inondasyon an



Chelsea, MA
Everett, MA

Fig 1
Kat sou Zòn Pwojè a
Sous: Fort Point Associates, Inc., 2023

